

Separé

- Pa kite ji ki soti nan vyann kri, bêt volay, oubyen pwason, kole ak lòt manje, ni sa ki kwit ak sa ki kri. Ji sa a yo gen mikwòb ladan yo!
- Pa mete vyann, pwason ak bêt volay ki kri nan menm plato ak sa ki kwit.
- Si posib, sèvi ak yon planch pou vyann ak bêt volay epi yon lòt pou manje tou pare tankou legim ak fwi kri.
- Si ou pral sèvi ak yon sèl planch, lave li ak savon ak dlo cho ant preparasyon vyann kri, bêt volay ak pwason ak preparasyon legim ou pa pral kwit.

Fè manje

- Dekonjele manje nan frijidè oubyen nan mikwo-ond, men pa sou kontwa a.
- Fè manje nan tanperati ki kòrèk (gade a dwat la) epi sèvi ak you tèmomèt pou manje pou asire ke manje gen yon tanperati anndan ki bon.
- Pa kòmanse ap kwit yon manje epi kite li pou fin kwit li pita.
- Lè ou ap sèvi, kenbe manje ki cho cho epi manje ki frèt frèt.

Pa blye lave men ou!

Tanperati ki bon pou fè manje

Manje

Bèf, mouton

Woti, Stek	145°F ak 3 minit repo*
Vyann bèf moulen	160°F

Kochon

Kot, Mòso, Woti	145°F ak 3 minit repo*
Sosis (fre)	145°F ak 3 minit repo*
Kochon moulen	160°F


Volay

Poul	165°F
Kana	165°F
kodenn	165°F
Volay moulen	165°F

Ze

Fri, poche	Jiskaske jòn nan vin di
------------	-------------------------

*Apre ou fin retire vyann nan dife, kite li chita pou 3 minit. Vyann nan pral kontinye ap kwit nan tan sa a, epi sa ap ede touye nenpòt rès mikwòb ki la toujou.



Manje Kontamine



Boston Public Health Commission
Infectious Disease Bureau
1010 Massachusetts Avenue
Boston, MA 02118
www.bphc.org
617-534-5611

Kisa “Manje kontamine” ye?

“Manje kontamine” (sa nou rele maladi nou jwenn nan manje) se mikwòb (bakteri oubyen virus) oubyen pwodwi toksik (bagay danjere mikwòb pwodwi) simaye nan manje ki bay li. Moun tonbe malad lè yo manje bagay ki gate tankou vyann, kokiya, pwason, pwodwi letye, fwi ak legim ak kék likid.

Ki sentòm/siy pou manje kontamine?

Sentòm/siy pou “manje kontamine” se vant fè mal, noze, vomisman, dyare, lafyèv at tèt fè mal. Li posib pou vin gen dyare ak san oubyen yon maladi ki pi grav. Pami moun ki nan pi gwo danje pou vin malad gen timoun piti, fanm ansent, moun aje, ak sa a yo ki gen defans iminitè ki fèb.

Èske se dènye bagay mwen te manje a?

Anpil moun panse se dènye bagay yo te manje a ki fè yo malad, men se pa toujou vre. Li ka pran ant 30 minit jiska 2 semèn anvan ou koumanse santi ou malad ak “manje kontamine”.

1 nan 6 Ameriken pral malad ak manje kontamine ane sa a!

(Sous: Sant Kontwòl ak Prevan-syon Maladi)

Kèk Mikwòb ki Lakòz “Manje Kontamine”

Nowoviris

Nowoviris se li ki lakòz plis ka “manje pwazonnen”. Yo te asosye epidemi virus la ak fèy vèt (tankou leti), fwi ki fre, ak kokiya, men nenpòt manje ka simaye virus la.

Ekoli

Nou jwenn *E. coli* pi souvan nan vyann bèf moulén kri oubyen ki pa fin kwit. Yo te asosye epidemi sa a ak ji pòm fèmante ki pa pasterize, fwi ak legim fre, epi nan vale dlo nan basen.

Kanpilobakte

Kanpilobakte a nou jwenn li nan bêt volay ak vyann kri oubyen ki pa fin kwit, lèt ak pwodwi fwomaj ki pa trete, dlo ki pa trete ak nan pou-pou bêt nan kay (sitou ti chat ak ti chen).

Salmonèl

Bakteri yo ki rele salmonèl viv souvan nan trip bêt. Nou ka jwenn yo nan manje ki kri oubyen ki pa fin kwit (poul, kodenn) ak ze. Nou ka jwenn yo tou nan lèt ki pa trete oubyen nan pwodwi ki fèt ak fwomaj.

Listeria

Nou ka jwenn Listeria nan ti chou kri, lèt ki pa trete, nan vyann deli ki frèt (janbon, boloni) ak òtdòg, fwomaj mou, ak somon fimen. Nan epidemi ki te genyen avan yo mikwòb sa a te aso-sye ak fwomaj mou ak kantaloup.

Chijela

Bakteri Chijela simaye nan poupou moun ki enfekte. Epidemi ka rive pamti timoun ki nan gadri, moun kap touche manje ki pa lave men yo apre yo soti nan twalèt, oubyen nan dlo moun bwè ki kontamné, dlo basen, oubyen lòt dlo.

Evite “Manje Kontamine”

Swiv regleman sa a yo pou kenbe mikwòb lwen manje ou!

Kenbe fre

- Mete rès manje ak sa ki pat sèvi nan frijidè vit.
- Manje pa dwe rete deyò pou plis pase 2 èdtan. Si ou pa la nan jou cho sezón ete yo, pa kite manje deyò pou plis pase 1 èdtan.
- Kenbe koulè/témòs ou plen pou kenbe tanperati ki frèt, pa kite li nan solèy epi pa ouvè li anpil.

Lave

- Lave men ou nan dlo savon ki tyèd pandan 20 segond anvan ak apre ou prepare manje, apre ou fin manyen vyann kri, anvan ou manje, apre ou sèvi nan twalèt, ak apre ou fin chanje kouchèt oubyen netwaye you timoun ki soti nan twalèt. Si pa gen dlo ak savon ki disponib, sèvi ak pwodwi ou netwaye men ki gen alkòl.
- Rense tout fwi ak legim anba dlo tiyo anvan ou kwit, kale, oubyen manje yo.
- Lave tout kote nan kizin ak tout vesò ak dlo savon tyèd anvan ak apre ou sèvi ak yo.

Swivi